



<<VENDOR RETURN ADDRESS>>

<<First Name>> <<Last Name>>  
<<Address1>> <<Address2>>  
<<City>>, <<State>> <<Zip>>

16 Me 2024

### Objè: Avi Ensidan Sekirite Done yo

Chè Paran Oubyen Responsab <<First Name>> <<Last Name>>,

Nou ekri w pou n fè w konnen gen yon ensidan sekirite done ki ta kapab afekte enfòmasyon pèsònèl oubyen enfòmasyon sante pwoteje pitit ou a. Brockton Area Multi Services, Inc. ("BAMSI") pran angajman pou l konsève konfyans kliyan l yo epi montre detèminasyon l pou l favorize konfidansyalite ak sekirite tout enfòmasyon ki nan men l yo. Lèt sa a bay enfòmasyon konsènan ensidan an ak etap ou kapab swiv pou w pwoteje enfòmasyon pitit ou a.

**Kisa k pase:** Nan dat 14 Avril 2023, BAMSI remake yon aktivite inabilityèl sou rezò nou an. Kòm reyakson, nou kòmanse sou plas ak yon seri efò kontwòl, rediksyon ak restorasyon pou mete fen nan aktivite a epi sekirize rezò nou an, sistèm nou yo ak done nou yo. Anplis, nou fè apèl ak yon seri pwofesyoynèl endepandan nan kesyon sekirite elektwonik pou mennen yon ankèt jidisyè sou ensidan an epi ede nou detèmine sa k pase a. Ankèt mediko-legal sa a te pèmèt nou detèmine gen kèk enfòmasyon BAMSI yo te konsilte oubyen pran san otorizasyon nan kad ensidan sa a. Pou sa, nou lanse yon egzamen konplè sou enfòmasyon ki ta sanble konsène yo epi nou te travay ak detèminasyon pou n valide rezulta yo epi konfime adrèses moun ki ta sanble konsène yo nan objektif pou n kominike. Efò sa yo te pran fen nan dat 29 avril 2024 la, epi yo te pèmèt nou idantifye kèk nan enfòmasyon w yo nan tout enfòmasyon ki te afekte yo.

**Ki enfòmasyon ki konsène:** Enfòmasyon ki ta sanble konsène yo gen ladan yo enfòmasyon pitit ou a <<VARIABLE TEXT 2: Data Elements>>.

**Kisa Nou Fè:** Imedyatman nou dekouvri ensidan an, nou pran mezi ki dekri pi ba yo. Nou mete yon seri mezi sekirite siplemantè an plas pou pwoteje anviwonman nimerik nou an epi diminye pwobabilite ensidan ki ta ka rive pi devan yo.

**Kisa w Ka Fè:** Ou kapab swiv rekòmandasyon yo ki nan paj ki vin aprè a pou w ede pwoteje enfòmasyon timoun ou an. Ou dwe egzamine relve kont ou yo tou ak fòmilè eksplikasyon avantaj yo epi mete konpayi asirans ou an okouran de tout erè oubyen aktivite ou pa rekonèt.

**Pou plis enfòmasyon:** Si w gen nenpòt kesyon konsènan lèt sa a, tanpri kontakte IDX, A ZeroFox Company nan 1-888-807-8556 oubyen ale sou <https://response.idx.us/BAMSI> si w bezwen èd. Reprezantan IDX yo disponib sòti 9 è am pou rive 9 è pm Lè Lès, sòti Lendi pou rive Vandredi.

BAMSI bay anpil enpòtans ak konfyans ou plase nan li a. Tanpri aksepte ekskiz nou yo epi konnen nou vrèman regrett tout enkyetid oubyen pwoblèm sa te ka ba ou.

Sensèman,



Peter Evers, Prezidan & CEO

BAMSI

10 Christy's Drive,  
Brockton, MA 02301

## MEZI OU KAPAB PRAN POU W PWOTEJE ENFÒMASYON PÈSONÈL TIMOUN OU AN

**Egzamine Tout Relve Kont ou an epi Mete Sèvis Polis yo Okouran de Tout Aktivite Sispèk ou wè k ap Fèt:** Pa mezi prekosyon, nou rekòmande w rete vijilan epi egzamine relve kont timoun ou an avèk atansyon. Si w dekovri yon aktivite sispèk sou yon kont, ou dwe fè enstitisyon finansyè a konn sa sou plas oubyen konpayi kont lan ouvri ladan l lan konn sa sou plas. Ou dwe rapòtè nèpòt aktivite fwod oubyen vòl idantite ou sispèk yo bay otorite konpetan ki responsab pou fè lalwa aplike, pwokirè jeneral eta w la ak/oubyen Federal Trade Commission ("FTC").

**Enfòmasyon Pèsònèl sou yon Minè:** Ou ka mande pou chak nan twa ajans nasyonal ransèyman sou konsomatè yo fè yon rechèch manyèl nimewo sekirite sosyal yon minè pou w ka detèmine si gen yon rapò kredi ki asosye. Yo ka egzije kopi enfòmasyon idantifikasyon minè a ak enfòmasyon paran/responsab li tankou, sètifica nesans oubyen adopsyon li, kat sekirite sosyal la ak kat idantite gouvènman an bay la. Si gen yon rapò kredi ki egziste, ou dwe mande yon kopi epi mete ajans ransèyman sou konsomatè yo okouran de tout kont ki nan fwod yo sou plas. Ou kapab fè FTC konnen tout itilizasyon abizif enfòmayon ki konsène yon minè tou nan <https://www.identitytheft.gov/>. Pou plis enfòmasyon sou Vòl Idantite Timoun yo ak enstriksyon pou w mande yon rechèch manyèl nimewo Sekirite Sosyal, vizite sit entènèt FTC a nan: <https://www.consumer.ftc.gov/articles/0040-child-identity-theft>. Kontaktwa ajans nasyonal evalyasyon kredi yo mansyone pi ba a.

**Jèl Sekirite:** Ou kapab mete yon jèl kredi gratis pou minè ki gen mwens pase 16 lane. Lè w mete yon jèl kredi, yon moun ki pran enfòmasyon idantifikasyon pèsònèl minè a pa mwayen fwod p ap ka itilize enfòmasyon sa yo pou ouvri nouvo kont oubyen prete lajan sou non l. W ap bezwen kontakte 3 ajans nasyonal kredi ki mansyone la yo pou w plase jèl kredi a. Sonje lè w mete jèl kredi a, minè a p ap kapab prete lajan, jwenn kredi sou plas oubyen yon nouvo kat kredi jiskaske yo retire jèl kredi a pou yon ti tan oubyen yo siprime l nèt. Ou dwe plase yon jèl kredi apa sou dosye kredi minè a bò kote chak ajans evalyasyon kredi yo. Plase, retire oubyen siprime yon jèl kredi sou dosye kredi yon minè, sa fèt gratis. Pou w plase yon jèl kredi, yo ka egzije w bay ajans evalyasyon kredi a enfòmasyon yo k ap idantifye ou menm ak/oubyen minè a, ni sètifica nesans oubyen adopsyon an, kat sekirite sosyal la ak kat idantite gouvènman an bay la.

**Equifax**  
P.O. Box 105788  
Atlanta, GA 30348  
1-888-378-4329  
[www.equifax.com](http://www.equifax.com)

**Experian**  
P.O. Box 9532  
Allen, TX 75013  
1-800-831-5614  
[www.experian.com](http://www.experian.com)

**TransUnion**  
P.O. Box 1000  
Chester, PA 19016  
1-800-916-8800  
[www.transunion.com](http://www.transunion.com)

**Alèt Pou Fwod:** Ou ka pran desizyon pou w mete yon alèt pou fwod sou dosye kredi minè a. Premye alèt pou fwod la gratis epi l ap rete soudosye kredi minè a pandan omwen yon lane. Alèt la mete founisè yo okouran yon aktivite fwod ki pwobab nan rapò minè a epi mande founisè a pou l kontakte w avan w ouvri yon kont sou non minè a. Pou w mete yon alèt pou fwod sou dosye kredi minè a, kontakte youn nan twa ajans evalyasyon kredi ki mansyone pi ba yo. Gen enfòmasyon adisyonèl ki disponib sou <http://www.annualcreditreport.com>

**Lòt Resous Gratis:** Ou ka jwenn enfòmasyon bò kote ajans ransèyman sou konsomatè yo, FTC oubyen pwokirè jeneral eta w la sou alèt pou fwod, jèl sekirite ak mezi w kapab pran pou w anpeche vòl idantite a. Ou dwe rapòtè vòl idantite ou sispèk yo bay otorite polisyé lokal yo, ni bay FTC oubyen Pwokirè Jeneral Eta w la.

**Komisyon Federal Komès (Federal Trade Commission)**  
600 Pennsylvania Ave, NW  
Washington, DC 20580  
[consumer.ftc.gov](http://consumer.ftc.gov)  
1-877-438-4338

**Pwokirè Jeneral Maryland (Maryland Attorney General)**  
St. Paul Plaza  
200 St. Paul Place  
Baltimore, MD 21202  
[marylandattorneygeneral.gov](http://marylandattorneygeneral.gov)  
1-888-743-0023

**Pwokirè Jeneral New York (New York Attorney General)**  
Biwo Resous Entènèt ak Teknoloji (Bureau of Internet and Technology Resources)  
28 Liberty Street  
New York, NY 10005  
[ag.ny.gov](http://ag.ny.gov)  
1-212-416-8433 / 1-800-771-7755

**Pwokirè Jeneral North Carolina  
(North Carolina Attorney General)**  
9001 Mail Service Center  
Raleigh, NC 27699  
[ncdoj.gov](http://ncdoj.gov)  
1-877-566-7226

**Pwokirè Jeneral Rhode Island  
(Rhode Island Attorney General)**  
150 South Main Street  
Providence, RI 02903  
<http://www.riag.ri.gov>  
[riag.ri.gov](http://riag.ri.gov)  
1-401-274-4400

**Pwokirè Jeneral Washington D.C.  
(Washington D.C. Attorney  
General)**  
400 S 6th Street, NW  
Washington, DC 20001  
[oag.dc.gov](http://oag.dc.gov)  
1-202-727-3400

**Ou gen kèk dwa tou daprè Fair Credit Reporting Act (FCRA):** Dwa sa yo se dwa pou w konnen kontni dosye minè a, konteste enfòmasyon ki pa konplè oubyen ki pa egzat yo, mande ajans ransèyman sou konsomatè yo pou yo korije oubyen siprime enfòmasyon ki pa egzat, pa konplè oubyen ki pa ka verifye yo ak lòt dwa toujou. Pou plis enfòmasyon konsènan FCRA, ak dwa ou genyen daprè FCRA a, tanpri vizite [https://files.consumerfinance.gov/f/201504\\_cfpb\\_summary\\_your-rights-under-fcra.pdf](https://files.consumerfinance.gov/f/201504_cfpb_summary_your-rights-under-fcra.pdf)